



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 1ye janvyè 2014

**GOUVÈNÈ CUOMO AKTIVE SANT OPERASYON IJANS ETA A POU KONTWOLE TANPÈT LIVÈ A,
TANPERATI KONJELASYON YO**

***Tanpèt yo Prevwa pou Kreye Kondisyon Difisil pou Vwayaje ak Tanperati Anba Zewo Toupatou nan
Eta a***

Gouvènè Andrew M. Cuomo pral aktive Sant Operasyon Ijans Eta a [Emergency Operations Center (EOC)] demen a 10:00 a.m. pou kontwole yon tanpèt livè puisan yo prevwa ki pral gen konsekans nan Eta New York jedi ak vandredi. Tanpèt sa a pral kapab pwodui gwo nèj k ap tonbe nan yon gwo pòsyon eta a, epi li ka lakòz inondasyon sou lakòt la ak ewozyon nan plaj yo. Sistèm sa a pral ajoute sou frede grav ki deja ap frape eta a. Gen yon siveyans frede pou sid ak lwès Adirondacks avèk valè ant -30 ak -40 degre nan jedi ak vandredi.

Gouvènè a ankouraje chofè yo pou yo itilize transpò komen demen paske ka gen fèmte gwo otowout yo nan eta a, ansanm ak NYS Thruway I-87, Interstate 84, Interstate 684 ak Long Island Expressway.

Gouvènè Cuomo di konsa, “Lè mwen konnen konsekans posib tanpèt livè sa a, ki melanje avèk tanperati ki tonbe a zewo yo, mwen aktivite Sant Operasyon Ijans lan pou kowòdone efò repons yo. Nèj k ap soufle epi k ap anpile kapab fè vwayaj difisil ak danjere, poutèt sa mwen ankouraje sitwayen yo pou yo pran prekosyon si yo oblije kite lakay yo. Nou rekòmande tout moun ki nan zòn ki ka afekte pou yo itilize transpò komen epi pou yo pran mezi pou pwoteje tèt yo kont tanperati ki anba zewo yo. Kontinye siveye tanperati a, swiv nenpòt enstriksyon ofisyèl ijans lokal yo bay, epi tcheke sou vwazen yo ak manm fanmi yo.”

Son odyo nan ti koutfil konferans Gouvènè a te fè sou tanpèt livè a ki te fèt byen bonè apremidi a endike nan atachman.

Previzyon metewolojik nan Capital Region se pou yon chit nèj modere ak yon gwo chit nèj mèkredi nan aswè pou rive vandredi avèk gwo mas nèj yo prevwa jedi ak jedi nan aswè. Yo prevwa kantite presipitasyon nèj mwayen pou rejyon an pral 6 a 10 pous. Yo prevwa tanperati frèt yo ki ant chif senp pou rive nan mitan dizèn avèk pifò zòn yo prevwa k ap anba zewo vandredi nan aswè pou rive nan samdi nan aswè. Yo prevwa van -14 mil pa èdtan avèk van fò k ap anba -5 a -20 degre.

Haitian Creole

Gen yon Avètisman Tanpèt Livè ki anvigè nan Santral New York ant jedi a 10:00 am jiska vandredi a 10:00 am pou Konte Broome, Chemung, Chenango, Cortland, Delaware, Madison, Oneida, Onondaga, Otsego, Schuyler, Seneca, Southern Cayuga, Steuben, Sullivan, Tioga, Tompkins ak Yates. Yo prevwa akimilasyon ant 6 ak 12 pous nèj k ap tonbe. Yo prevwa valè van fò yo pral tonbe a apeprè -25 degre byen ta nan jedi nan aswè ak vandredi matin.

Gen yon Avètisman Tanpèt Livè ki anvigè nan Lwès New York jiska vandredi a 6:00 am pou Konte Allegany, Cayuga, Livingston, Monroe, Ontario ak Wayne. Yo prevwa akimilasyon ant 7 ak 14 pous nèj k ap tonbe. Yo prevwa valè van fò yo pral tonbe a apeprè -25 degre byen ta nan jedi nan aswè ak vandredi matin.

Gen yon Avètisman Tanpèt Livè ki anvigè apati jedi a 6:00 pm jiska vandredi a 1:00 pm pou Konte Bronx, Kings, New York, Queens, Richmond ak Southern Westchester. Yo prevwa akimilasyon ant 6 ak 8 pous nèj k ap tonbe. Yo prevwa van fò 15 a 25 mil pa èdtan avèk rafal van a 35 mil pa èdtan.

Sèvis Nasyonal Metewoloji te bay yon Avètisman pou Tanpèt Nèj ki anvigè depi jedi a 6:00 pm jiska vandredi a 1:00 pm pou Konte Nassau ak Suffolk. Yo prevwa akimilasyon total nèj k ap tonbe ant 6 ak 10 pous. Yo prevwa van fò 25 a 35 mil pa èdtan avèk rafal van a 45 mil pa èdtan. Answit, yon Avètisman pou Tanpèt Livè anvigè depi jedi a 4:00 am jiska vandredi a 1:00 pm pou Konte Orange, Putnam, Rockland ak Westchester. Yo prevwa akimilasyon ant 6 ak 10 pous nèj k ap tonbe. Yo prevwa van fò 15 a 25 mil pa èdtan avèk rafal van a 35 mil pa èdtan.

Reprezantan ajans Leta yo ap asosye avèk EOC pou ede kowòdone repons Eta a, ansanm avèk Divizyon Afè Militè ak Naval New York, Lapolis Eta a, Depatman Anviwònman ak Pwoteksyon, Depatman Transpò, Komisyon Sèvis Piblik ak Thruway Authority.

Jerome M. Hauer, Manm Komisyon, New York State Division of Homeland Security ak Emergency Services di konsa, "DHSES EOC pral kontwòle konsekans tanpèt livè sa a depre epi n ap ede deplwaye resous ki nesèsè nan zòn eta a ki bezwen nenpòt èd siplemantè."

Depatman Transpò Eta New York gen chari ki disponib toupatou nan eta a pou retire nèj yo epi pou trete wout yo avèk sèl epi y ap voye lòt chari pou ede avèk operasyon nèj la nan Long Island. Ekip NYSDOT ap deyò anvan pre-tretman wout yo avèk sèl akòz tanpèt la pou ede ralanti akimilasyon glas ak nèj. Answit, NYSDOT gen antreprenè prive ki annatant avèk ekipman siplemantè ak pèsònèl pou yo deplwaye si li nesèsè.

Ekip DEC ap kontwòle rezo kontwòl kouran dlo pou siveye konsekans tanpèt la nan nivo kouran dlo, epi yo an kontak avèk patnè lokal yo pou asire tout pwojè kontwòl inondasyon yo pare pou operasyon, si li nesèsè. DEC pare tou pou aktive epi opere pwojè kontwòl inondasyon eta a si nivo kouran dlo yo monte nan nivo kritik epi y ap fè kowòdonatè ijans konte a konnen si aksyon sa a ap vin nesèsè.

Sèvis MTA nan tren, otobis, tren banlye ak pon ak tinèl yo ka chanje si kondisyon yo egzije sa. Pou jwenn plis enfòmasyon, gade Gid Vwayaj MTA pou Tan Livè nan sitwèb <http://web.mta.info/service/ColdWeather.htm>.

Enjenyè sistèm elektrik yo avèk Komisyon Sèvis Piblik Eta New York te fè ti konferans detaye anvan tanpèt la avèk dirijan NYPA, LIPA, ak lòt gwo sèvis piblik Eta New York yo. Tout sèvis piblik Eta New York yo sou gwo alèt epi yo prepare dapre plan repons yo pou ijans.

NYPA pran mezi ki nesèsè pou asire tout resous ki nesèsè yo, tankou ekipman pou retire nèt ak dèlko sekou pou ijans, anplas.

Yo pa prevwa enkyetid nan operasyon ki gen pou wè ak tan an (pwodiksyon oswa transmisyon) pou previzyon tanpèt livè sa a. Yo pa prevwa tanpèt livè sa a pral gen konsekans sou resous pwodiksyon oswa transmisyon nan NYPA nan eta a.

NYPA ap kontinye kontwole tanpèt la, epi y ap kowòdone avèk ajans eta ak ajans lokal yo pou jesyon ijans jan sa nesèsè. Enfrastrikti NYPA yo la pou tanpèt livè yo souvan epi pou fè eksperyans avèk yo. Izin operasyon NYPA yo, sistèm transmisyon an ak ekip operasyon yo pare pou evènman metewolojik yo prevwa a. Kowòdinasyon sosyete avèk enfrastrikti operasyon yo ap kontinye, ekip sipò ap disponib si li nesèsè pandan tout evènman metewolojik la.

Anjeneral, yo mete anplas tout resous ki nesèsè (anplwaye, ekipman, veyikil, elatriye) pou bon jan operasyon efikas oswa yo disponib.

Men kèk nan konsèy ki pi enpòtan yo pou kondi san pwoblèm pandan sezon livè a:

Pa janm swiv yon chas-nèj twò pre oswa pa eseye double youn. Sonje otowout ki devan chas-nèj la toujou kouvri avèk nèj;

Ajiste vitès ou pou eta wout la, epi toujou kite yon distans sekirite avèk lòt veyikil yo;

Pwograme tan anplis pou vwayaj pandan sezon livè a, epi pran pasyan pandan operasyon pou ranmase glas ak nèj;

Sipoze sifas pon yo glise, paske yo konjle pi vit pase sifas wout la;

Siveye glas nwa, ki kapab difisil pou wè, men li fè eta wout yo vin glise lè tanperati asfalt la anba tanperati pou konjelasyon;

Toujou gen yon telefòn selilè nan men ou, si li posib, men pa voye tèks pandan w ap kondi; li ilegal pou kondi avèk distraksyon, epi sa ap menm vin pi danjere pandan evènman tanpèt yo;

Pa janm deplase avèk veyikil ou si zòn nan bloke avèk nèj;

Mete materyèl pou ijans nan vwati ou, tankou sab, pèl, fize siyalizasyon, kab pou demaraj, kòd, gratwa, radyo pòtatif, flach, dra ak rad tyèd anplis;

Fè yon moun ki responsab konnen kote ou ale, wout ou gen entansyon fè, ak estimasyon tan w ap rive; epi

Rete kalm epi pa panike sizoka yon veyikil anpàn, aksidan, oswa si ou vin bloke nan nèj.

NYSDOT bay yon sistèm konsiltasyon pou vwayaj ki prezante rapò sou vwayaj epi ou kapab jwenn li nan telefòn nan nimewo 511 oswa nan sitwèb [onlineatwww.511ny.org](http://atwww.511ny.org)<<http://atwww.511ny.org>>. Sitwèb la prezante yon plan ki gen kòd koulè epi ki endike ki wout eta a ki kouvri avèk nèj, ki kouvri avèk glas, ki mouye, ki sèk oswa ki fèmen, pou ede vwayajè yo detèmine si li bon pou yo vwayaje. Sistèm nan bay bon jan enfòmasyon sou kondisyon nèj ak glas pou wout ant eta yo ak lòt wout ki gen anpil sikilasyon veyikil, jan operatè chas-nèj yo rapòte sa.

Vwayajè Thruway yo kapab jwenn dènye enfòmasyon sou sikilasyon an ak sou kondisyon wout la nan sitwèb [www.Thruway.ny.gov](http://www.thruway.ny.gov), yo kapab enskri pou resevwa imèl TRANSAAlert nan sitwèb <http://www.thruway.ny.gov/tas/index.shtml>, oswa yo kapab swiv @ThruwayTraffic nan Twitter. Epitou, pou jwenn plis enfòmasyon ak pou enskri pou resevwa alèt gratis konsènan kondisyon vwayaj danjere nan zòn ou, ale nan sitwèb www.nyalert.gov.

Vwayajè Thruway yo kapab jwenn enfòmasyon itil tou nan estasyon Highway Advisory Radio (HAR) ki bay emisyon sou konsèy pou sikilasyon, kondisyon wout yo, ak ti konsèy sou sekirite 24 èdtan pa jou. Ou kapab jwenn frekans HAR yo nan sitwèb <http://www.thruway.ny.gov/travelers/har/index.html>.

Gouvènè Cuomo te bay ti konsèy sa yo tou sou sekirite, sitou avèk tanperati yo prevwa ki pral anba zewo yo:

Sekirite avèk Dèlko

Dèlko elektrik yo kapab ba ou lapè nan tèt ak itilize lè pa gen sèvis kouran elektrik pou yon ti tan pandan tan frèt la. Sonje danje dife ogmante anpil nan sezon livè paske moun itilize lòt kalite sous chofaj yo souvan san yo pa swiv bon jan prekosyon pou sekirite.

Swiv konsèy sekirite sa yo lè w ap opere yon dèlko:

Anvan ou enstale yon dèlko, asire ou dekonekte sèvis kouran elektrik ou kòrèkteman. Si li posib, fè yon elektrisyen kalifye enstale dèlko ou.

Fè dèlko a mache deyò, nan sans van an avèk fondasyon kay la. PA JANM fè yon dèlko mache andedan kay ou. Gaz monoksid kabòn ki ka touye moun k ap sòti nan lafimen dèlko a kapab simaye toupato nan espas ki fèmen yo. Enstale yon alam monoksid kabòn.

Konbistib ki tonbe sou yon dèlko chi kapab lakòz yon eksplozyon. Si dèlko ou gen yon tank konbistib detachab, retire li anvan ou replen li. Si sa pa posib, etenn dèlko a epi kite li refwadi anvan ou replen li.

Pa depase kapasite gradye dèlko a. Pifò ti dèlko pòtatif pou itilize nan kay pwodui 350 a 12,000 wat enèji. Si ou chaje dèlko ou twòp sa kapab domaje li ak aparèy menaje ki konekte ladan li, epitou sa ka lakòz dife. Toujou swiv enstriksyon manifakti a.

Kenbe timoun yo lwen dèlko yo toutan.

Gaz Kabonik Touye Moun

Anpwazònman nan monoksid kabòn se yon tiyè an silans pou lavi moun, ki touye apeprè 1.000 moun chak ane nan Etazini. Atik komen sa yo tankou lafimen machin, sistèm chofaj nan kay ak chemine ki bouche kapab pwodui gaz ki san koulè ak san odè. Gaz la kapab pwodui nan dèlko ki pa byen ayere, radyatè kewozèn, griy ki fonksyone avèk gaz ak lòt atik ki sèvi pou kwit manje ak chofaj lè yo mal itilize yo pandan mwa livè yo.

PA JANM fè yon dèlko mache andedan kay ou. Louvri yon fenèt apèn lè w ap itilize yon radyatè kewozèn.

PA JANM itilize chabon pou kwit manje andedan kay la.

PA JANM itilize yon fou-a-gaz pou chofe kay ou.

Sentòm anpwazònman nan monoksid kabòn gen ladan anvi dòmi, maltèt ak vètij. Si ou sispèk ou anpwazonnen nan monoksid kabòn, ayere zòn nan epi ale nan yon lopital.

Pa Kite Tiyo Dlo yo Konjle

Pou pa kite tiyo dlo yo konjle, swiv ti konsèy sa yo:

Vlope tiyo yo nan izolan oswa nan kouch ansyen jounal – kouvri jounal yo avèk plastik pou anpeche yo vin imid.

Kite wobinè yo degoute enpe pou pa kite yo konjle. Kite dlo cho ak dlo frèt koule dousman lannwit nan yon wobinè nan yon miray deyò.

Montre manm fanmi ou kijan pou fèmen vav dlo a.

Louvri pòt plaka yo pou kite plis chalè antre nan tiyo ki pa ensile yo anba yon evye oswa yon aparèy menaje ki toupre yon miray deyò.

Asire ou kite chofaj la limen epi regle nan 55 degre egzakteman.

Si ou gen plan pou sòti:

o Fè yon moun tcheke kay ou chak jou pou asire chofaj la toujou limen pou evite konjelasyon, oswa;

o Degoute epi fèmen sistèm dlo a (sof sistèm awozè andedan yo).

Si Tiyo yo Konjle

Asire oumenm ak fanmi ou konnen kijan pou fèmen dlo a, sizoka tiyo yo pete. Si ou sispann ekoulman dlo a sa ap diminye domaj yo nèt nan kay ou. Rele yon plonbye epi kontakte ajan asirans ou.

PA JANM eseye dekonjle yon tiyo avèk yon flanm oswa yon tòch ki lib.

Toujou pran prekosyon pou posiblite pou chòk elektrik nan ak toutotou dlo dòmi.

Si Ou Nan Blakawout

Si ou nan blakawout pandan sezon livè a, swiv ti konsèy sa yo:

Toudabò, rele sèvis piblik ou dabò pou detèmine orè reparasyon zòn nan.

Etenn oswa deploge limyè ak aparèy menaje pou pa kite yon sikui chaje twòp lè yo repare sèvis la. Kite yon limyè limen pou endike lè yo repare kouran an.

Si ou pa gen chofaj pandan yon tanpèt livè, kenbe kay ou cho. Pou fè sa, fèmen chanm ou pa bezwen yo.

Kèk Ti Konsèy pou Lòt Kalite Chofaj

Itilize sèlman bon resous lòt kalite chofaj tankou yon chemine, ti bwa dife ki byen ayere oswa fou ki fonksyone avèk chabon oswa radyatè espas pòtatif. Toujou swiv enstriksyon manifakti a. Lè w ap itilize lòt kalite sous chofaj tankou yon chemine, fou ki fonksyone avèk bwa, elatriye, toujou asire ou gen bon jan vantilasyon. Kite rido, sèvyèt ak manchon pwoteksyon lwen avèk sifas cho yo.

Gen yon ekstenktè ak detektè lafimen – epi asire yo fonksyone.

Si ou itilize radyatè kewozèn pou ogmante konbistib chofaj regilye ou, oswa kòm yon sous chofaj pou ijans, swiv ti konsèy sekirite sa yo:

- o Swiv enstriksyon manifakti a.
- o Itilize sèlman konbistib ki kòrèk pou inite ou.
- o Mete konbistib deyò ankò SÈLMAN lè inite a frèt.
- o Kite radyatè a sou yon distans omwen twa pye avèk mèb ak lòt objè ki ka pran dife yo.
- o Lè w ap itilize radyatè a, itilize sekirite dife epi ayere yo kòrèkteman.

Sekirite Deyò

Lè w ap sòti deyò, mete rad ki lach, lejè, ak tyè nan plizyè kouch. Lè ki bloke nan mitan kouch yo aji kòm yon izolan. Ou kapab retire kouch yo pou evite transpirasyon ak freddi annapre.

Rad deyò yo ta dwe sere ou, yo ta dwe enpèmeyab epi yo ta dwe gen kapichon.

Toujou mete yon chapo oswa yon kapichon sou tèt ou – mwatye chalè kò ou kapab pèdi akòz tèt ou ki pa kouvri.

Kouvri bouch ou avèk yon foula pou pwoteje poumon ou kont gwo freddi a.

Rad cho ki kouvri ponyèt la pi bon pase gan paske dwèt yo kenbe plis chalè lè yo kote ak lòt.

Tanperati frèt yo mete yon kontrent siplemantè sou kè. Egzèsis difisil, tankou pase pèl nan nèj, netwayaj debri oswa pouse yon vwati kapab ogmante risk pou yon atak kadyak. Rete cho, abiye avèk rad ki cho epi RALANTI lè w ap travay deyò. Repoze souvan pou evite twòp egzèsis. Si ou santi doulè pwatrin -- SISPANN epi chèche èd imedyatman.

Pou jwenn plis enfòmasyon, ak yon lis atik sekirite ki enpòtan pou ijans pou kenbe lakay ou, ale nan paj sitwèb sekirite pou sezon livè New York State Department of Homeland Security and Emergency Services nan <http://www.dhSES.ny.gov/oem/safety-info/publicsafety/winter.cfm>.

###

W ap jwenn lòt nouvel nan sitwèb www.governor.ny.gov
New York State | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

(Gade fichye ki nan atachman an: 01.01.14 Winter Storm Briefing Conference Call.m4a)